

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*, kaparigelan basa mangrupa dadasar dina unggal kompetensi dasarna, kaasup kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa salasihiji kabutuhan pikeun hiji jalma, sabab kaparigelan nulis bisa ngarojong hiji jalma dina ngalaksanakeun kagiatanna. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 3) “*Menulis merupakan satu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk komunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.*”

Upama kecap *produktif* dihartikeun minangka hasil tina hiji pagawéan sarta kecap *ekspresif* dihartikeun minangka kabébasan dina ngébréhkeun pamikiran jeung rasa hiji jalma. Mangka bisa dicindekkeun yén nulis téh mangrupa kagiatan ngébréhkeun eusi pikiran jeung rasa kana wangun tinulis sarta miboga hasil anu *tersurat*. Dina dunya atikan, kaparigelan nulis mangrupa salasihiji cara pikeun ngasah prosés mikir siswa.

Kaparigelan nulis di kelas XI salasihijina aya dina pangajaran carita pondok; carita pondok mangrupa salasihiji conto tulisan tina wangun karangan narasi. Dina kanyataanna siswa bisa disebut can mampuh dina nyieun carita pondok anu miboga loba unsur di jerona, siswa biasana kalah jadi nyieun tulisan dina wangun karangan narasi. Ku kituna kamampuh nulis siswa biasana ngan nepi ka nyieun karangan narasi. Nurutkeun Alwasilah (2007, kc. 119) narasi asal kecapna *to narrate*, nya éta nyarita. Carita nya éta runtuyan kajadian sacara *kronologis*, boh fakta atawa rékaan. Sedengkeun nurutkeun Sudaryat, spk., (2007, kc. 116) karangan narasi nya éta karangan anu medar perkara atawa kajadina kalawan écés sarta dipidangkeun nurutkeun runtuyan waktu (*kronologis*).

Dina nyieun hiji tulisan saperti karangan narasi tangtu siswa mikabutuh kandaga kecap anu loba, sabab éta kandaga kecap bisa ngabantuan siswa dina ngébréhkeun sagala rupa hal anu dipimaksud ku dirina kalayan bener sarta merenah. Adiwimarta, spk. (dina Prawirasumantri, spk., 2015, kc. 71)

nétélakeun yén kandaga kecap, kabeungharan kecap, kajembaran kecap, atawa *kosa kata*: dina basa Inggris disebut *lexicon* nya éta: (1) sakumna kecap nu aya dina hiji basa, (2) kecap-kecap nu geus dipikanyaho jeung dipaké ku jalma-jalma di hiji wewengkon, (3) kecap-kecap nu dipaké dina hiji widang élmu pangaweruh anu tangtu, (4) dina élmu basa; sakumna *morfem* anu aya dina hiji basa, (5) daftar sapuratina kecap (ungkara) tina hiji basa anu disusun kalawan *alfabetis*, anu biasana dilengkepan ku wangenan jeung katerangan. Singketna, kandaga kecap nya éta kekecapan anu dipipaham ku saurang panyatur. Ieu kandaga kecap jumlahna réa pisan sabab miboga sipat anu terus barobah kaayaan atawa leungit lantaran pangaruh basa deungeun.

Kandaga kecap mangrupa dadasar pikeun nyieun hiji tulisan, sabab kandaga kecap mangrupa bagéan tina basa anu dipaké pikeun ngébréhkeun ide, rasa, atawa kahayangna. Ku kituna upama hiji siswa teu miboga pangaweruh kandaga kecap anu loba tina hiji basa, dina ieu hal basa Sunda. Mangka éta siswa moal bisa ngébréhkeun ide, rasa, sarta kahayangna dina wangun tinulis, anu di dieu leuwih diheureutkeun kana karangan narasi. Kanyataanana, unggal siswa pasti miboga pangaweruh kandaga kecap anu béda-béda sarta kiwari éta pangaweruh kandaga kecap siswa dianggap masih kurang. Pangaweruh anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta ingetan, pamahaman, sarta dina perkara ngalarapkeunna. Aya sababaraha faktor anu mangaruhan kana éta hal, salasihijina tina minat siswa dina maké basa Sunda. Minat mangrupa léngkah mimiti anu bisa méré jalan sangkan basa Sunda bisa ditarima ku diri siswa, minat nu kurang tangtu bakal mangaruhan kana pangaweruhna ogé. Lian ti éta, minat ogé bisa mangaruhan kana prosés diajar siswa di kelas sarta mangaruhan kana kamampuh nu dipimilik ku dirina. Jadi, sacara teu langsung éta hal bakal mangaruhan kana kamampuh nulisna.

Dumasar pedaran di luhur, disebutkeun yén pangaweruh kandaga kecap bisa mangaruhan kana kamampuh hiji jalma pikeun ngébréhkeun pamikiranna ngaliwatan wangun tinulis. Pasualanna nya éta sakumaha gedéna peranan éta pangaweruh kandaga kecap kana kamampuh nulis siswa. Dina ieu panalungtikan, panalungtik miboga karep pikeun ngabuktikeun yén kamampuh nulis karangan narasi hiji siswa dipangaruhan ku pangaweruh kandaga kecap basa Sundana, sarta

ningalikeun sakumaha gedéna pangaruh kandaga kecap kana kamampuh nulis karangan narasi.

Saméméhna, panalungtikan ngeunaan kandaga kecap kungsi ditalungtik ku Sopy Subhaniati Gustini kalawan judul *Modél Induktif Kata Bergambar pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Kandaga Kecap Dasar (Basic Vocabulary) Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2013-2014)*. Hasil tina ieu panalungtikan nya éta modél *induktif kata bergambar* bisa ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap siswa di SMP Negeri 15 Bandung, éta hal katingali tina ngaronjatna perséntase siswa anu kaasup kana katégori hadé. Sarta aya panalungtikan séjénna, nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Pupung Ratnaningrum kalawan judul *Média Komik dina Pangajaran Nulis Karangan Narasi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)*. Hasil tina ieu panalungtikan nya éta média komik méré pangaruh kana kamampuh siswa dina nulis karangan narasi. Ieu hal katingali tina hasil karangan narasi siswa, 21 urang mampuh nyieun karangan narasi sanggeus dibéré média komik dina pangajaranna.

Ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan saméméhna, sabab ieu panalungtikan teu ngan ukur ngukur pangaweruh siswa kana kandaga kecap atawa kamampuh nulis karangan narasina tapi leuwih matalikeun dua aspék éta. Jadi dina ieu panalungtikan panalungtik ngukur pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda, ngukur kamampuh nulis karangan narasi siswa, tur maluruh kumaha korélasi nu ditimbulkeun tina pangaweruh kandaga kecap kana kamampuh nulis karangan narasi. Salian ti éta, nu jadi hasil dina ieu panalungtikan nya éta analisis tingkat korélasi pangaweruh kandaga kecap kana kamampuh nulis karangan narasi nu katitén tina hasil karangan anu dijieun ku siswa.

Nilik kana kaayaan nu geus dipedar di luhur, jadi tinimbangan panulis pikeun ngayakeun panalungtikan sacara husus ngeunaan korélasi antara pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda jeung kamampuh nulis karangan narasi. Nu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa Kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016. Ku kituna, panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan kalayan judul *Korélasi antara Pangaweruh Kandaga Kecap jeung*

*Kamampuh Nulis Karangan Narasi Siswa Kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung Taun Ajaran 2015-2016.*

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Dina ieu subbab dipedar idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- a. Kurangna pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda.
- b. Pangaweruh dina ieu panalungtikan diwengku ku tilu aspék, nya éta ingetan, pamahaman, jeung cara ngalarapkeunna.
- c. Pangajaran nulis masih dianggap hésé sabab minat dina macana kurang.
- d. Kurangna kamampuh nulis siswa, utamana dina nulis karangan narasi.
- e. Kamampuh nulis bisa jadi dipangaruhan ku pangaweruh kandaga kecapna.

Sangkan masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing, panalungtik ngawatesan ieu panalungtikan kana sababaraha hal anu ngawengku pangaweruh kandaga kecap anu diwincik kana tujuh variabel, nya éta 1) istilah pancakaki; 2) ngaran babagian awak; 3) kecap sultur; 4) kecap bilangan poko; 5) kecap pagawéan poko; 6) kecap kaayaan poko; jeung 7) barang-barang universal. Kamampuh nulis karangan narasi ditilik tina eusi, organisasi eusi, kandaga kecap (diksi), makéna basa, jeung mékanik, sarta korélasi pangaweruh kandaga kecap kana kamampuh nulis karangan narasi.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan bisa dirumuskeun jadi tilu patalékan. Di antarana:

- 1) Kumaha pangaweruh kandaga kecap siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016?

- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh tingkat korélasi antara pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. pangaweruh kandaga kecap siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016;
- b. kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016; jeung
- c. korélasi antara pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Luyu jeung tujuan panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat boh mangpaat sacara tioritis boh praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadéskripsikeun korélasi pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé

dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan hal anu patalina jeung kaparigelan basa, hususna kaparigelan nulis karangan narasi.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun siswa, guru, jeung sakola.

##### a. Pikeun siswa

Dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi salasahiji cara pikeun ngamotivasi siswa sangkan ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecapna, sabab éta hal sacara teu langsung bisa ngaronjatkeun kamampuh nulisna.

##### b. Pikeun guru

Dipiharep tina hasil ieu panalungtikan, guru bisa ngaronjatkeun kualitas ngajarna, hususna dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis ku cara ningkatkeun pangaweruh kandaga kecapna.

##### c. Pikeun sakola

Tina hasil panalungtikan, dipiharep pihak sakola bisa ngarojong guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa ku cara ngaronjatkeun sarana pra-sarana atawa hal-hal séjén anu bisa ngungkulan ieu pasualan.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Sistematika dina ieu tulisan nyoko kana lima bab.

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan pustaka jeung raraga mikir, ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtikan, jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, subjék panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran panalungtikan, ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran panalungtikan anu ngadéskripsikeun korélasi pangaweruh kandaga

kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi, ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.